

Yon prensip jesyon Imilite

“Yon moun ki refize admèt fòt li p ap janm gen siksè, men si li konfese epi renonse fòt li, yo va bali yon dezyèm chans.” Pwovèb 28:13

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Imilite se konsyans bezwen kontinyèl nou pou nou pwogrese, san nou pa panse nou piwo pase nou ye epi genyen respè kòm sadwa pou kontribisyon lèzòt genyen nan siksè nou. Li pa toujou fasil pou yon moun enb, pou l di, “Mwen fè yon erè” oswa “mwen antò.” Noutout renmen gen rezon paske sa fè nou santi nou byen epi ke yo aksepte nou. Sa ranfòse ego nou ak konsyans valè nou. Kèlkeswa bon nou bon oswa nou t a vle bon, oubyen ke nou t a gen rezon, noutout fèb epi nou fè erè. Depi lavi se yon eksperyans aprantisaj, nou dwe aprann kouman pou nou jere difikilite sa yo.

Si nou refize admèt erè nou oswa mekanste nou, nou sispan grandi epi pwogrese nan lavi nou. Pwovèb la di, nou “...p ap janm gen siksè.” Genyen yon bon ak yon move fason pou dil ak fòt oswa erè. Sistèm jidisyè nou an di konsa, “Pa admèt oswa di anyen, paske li kapab tounen kont ou nan tribinal,” sa ki ankouraje nou kache mekanste nou fè epi viv ak santiman kilpabilite kont mechè jijman nou. Sa kite bagay sa yo tankou biznis ki pa fini e ki va ante nou:

1. Santiman kilpabilite, ki va trakase konsyans nou kote nou pa menm kapab fè pwòp tèt nou konfyans.
2. Dite, nou vin souladefansiv epi n ap cheche pwoteje tèt nou paske nou pè parèt jan nou ye vreman.

Se pa konsa Bondye te konsevwa lavi. Li ankouraje nou onèt epi responsab aksyon nou. Nou p ap kapa geri ni yo p ap kapab padonnen nou si nou pa admèt oswa rekonèt feblès nou. Yon fason kòrèk pou jere movezaksyon nou se pou nou admèt yo, konfese yo epi renonse a yo jan pwovèb la anseye nou piwo a. Nou p ap renonse a movezaksyon nou jiskaske nou imilye nou epi konfese yo. Sa vle di aksepte responsabilite move konpòtman nou.

Sistèm jidisyè nou an di nou, “Pa admèt anyen, kite yo pwouve li » . sa ki ankouraje

nou krè nou kapab chape nenpòt bagay yo pa kapab pwouve. Se pa fason moun viv byen. Viv byen sòti nan pratik imilite, kote nou rekonèt nou pa toujou gen rezon epi nou pa pafè. Nou dwe toujou afwonte reyalyte. Lè nou aji mal nou genyen santiman kilpabilite ak responsabilite pèsònèl, menmsi yo pa kapab pwouve li. Kilpabilite se nan kè w, menmsi la lwa pa pwouve li. Moun ki fyè pa koute laverite, men yo kontinye entimide epi twonpe tèt yo pandan y ap deseveva pwòp tèt yo. Men yon moun ki enb va jwenn renome li nan siksè lòt moun epi l va rekonèt epi bay lèzòt kredi pou siksè yo. Vreman moun ki gen siksè bay lèzòt kredi olye yo vante tèt yo jan yo se grannèg.

Genyen twa (3) gwo avantaj lè yon moun enb epi li pratike imilite:

1. Nou va genyen lapè pèsònèl paske nou p ap souladefansiv depi nou pa gen anyen pou nou kache.
2. Nou va anpè ak lèzòt paske nou gade epi nou rekonèt bon kalite nan lèzòt olye nou genyen yon gwo opinyon sou pwòp tèt nou..
3. Nou va obteni gwo favè nanmen Bondye ak lèzòt paske nou va transparan epi nou p ap pè kritik. Nou va konnen kilè pou nou sou atak oswa souladefansiv.

Imilite se youn nan pi bèl epi pi gwo kalite

nan yon moun. Pèdi li se yon devalyasyon pwòptèt nou. Se tankou lwil nan yon machin. Li dire pi lontan, li vire pi dous epi l fè travay byen. Li travay olye li rele.

Gendefwa li pi bon pou nou rete tranquil epi kite yo bannou tò, menmsi nou kapab pwouve inosans nou, pase pou nou pale pou nou jisitifye tèt nou. Gendefwa li pi bon pou nou fòse vale epi rete tann tan pa pou pwouve nou te genyen rezon.

Men si sistèm jidisyè nou an te fèt nan entansyon pou l te pwoteje epi defann inosan, nou dwe fè atansyon, ousinon nou va itilize l kòm yon estanda pou dwati, pandan nou va neglije lalwa Bondye ki pi gran. Nou pa kapab retire santiman kilpabilite nan yon moun san li pa imilye tèt li, admèt, konfese epi renonse. Tankou pwovèb la di, se sèlman pi gran lwa imilite Bondye ki va reyabilite koupab epi bati yon sosyete, yon fanmi oswa yon biznis ki jis. Eseye imilite, ou va jwenn gran favè.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Ou p ap janm kapab fè tout bagay byen nan lavi w, men imilite w kapab fè moun panse konsa.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete